


ENVESTI NAN ENFRASTRIKTI AK ESPAS PIBLIK

Espas ak enfrastrikti ki an sekirite, ki pwòp e ki ka itilize yo te parèt kòm yon priyorite komen pandan plis pase 20 sesyon angajman kominotè avèk plis pase 500 rezidan, ki gen ladan anplwaye Vil la, ki te organize nan kad pwosesis bidjè ane sa a. Pwosesis sa a se te yon pati empòtan nan fòmilasyon Bidjè Fonksyònman an – ki finanse sèvis toulejou yo, epi ki kowòdone avèk Bidjè Envestisman an – ki finanse envestisman alontèm nan bagay fizik tankou biling, wout, ak enfrastrikti. Dapre sa nou te tande nan sesyon sa yo, Bidjè Fonksyònman ak Bidjè Envestisman FY23 an envesti nan enfrastrikti ak espas piblik pou rann yo pi an sekirite, pwòp, epi prè pou itilize nan katye ki plis bezwen yo.

PWEN ESANSYÈL OPERASYON AK DEPANS NAN KAPITAL

BIBLIYOTÈK AK PAK AK LWAZI:

Pandan pandemi COVID-19 la, bibliyotèk ak pak ak sant Iwazi Vil la te vin tounen refij nan nouvo fason lè rezidan yo ak vizitè yo—anpil nan yo timoun yo—te konte sou bibliyotèk, sant, sante, pak ak teren jwèt yo pou rasanble ansanm ak lòt moun nan fason ki an sekirite.



BIBLIYOTÈK YO

▲ ENVESTISMAN POU OPERASYON:

Plan FY23-27 lan gen ladan yon lòt \$9.8 milyon pa ane (\$48 milyon sou Plan an) pou asire ke tout branch yo gen ase anplwaye pou ofri sèvis ki estab pandan senk jou pou Moun Filadèlfia yo, sa ki pote total envestisman fonksyònman pou Bibliyotèk gratis la nan \$285 milyon sou senk ane.

▲ ENVESTISMAN KAPITAL:

2.5 milyon prevwa nan bidjè nan FY23 pou Bibliyotèk Gratis la pou fè amelyorasyon nan bibliyotèk santral ak branch yo toutotou vil la.



PAK YO AK SANT LWAZI YO:

▲ ENVESTISMAN POU OPERASYON:

Plan senkan FY23-FY27 lan envesti \$2.8 milyon (\$11 milyon pandan lavi plan an) nan nouvo finansman nan Pak ak Lwazi Filadèlfia (Philadelphia Parks and Recreation, PPR). Depans yo pral ede PPR rann espas li yo ak pwogram li yo an sekirite, pwòp epi prè pou itilize nan katye ki pi bezwen yo. Sa pral pote envestisman total Plan Senkan an nan PPR vin nan \$xxx milyon.


▲ ENVESTISMAN KAPITAL:

Vil la pral kontinye kenbe pwomès inisyativ Rebuild la (Rebati) — ki te posib grasa Taks sou Bwason Filadèlfia a. Grasa inisyativ Rebuild la, Pwogram Kapital la gen ladan \$21 milyon pou amelyore pak yo, sant rekreyasyon yo, teren jwèt yo, ak bibliyotèk yo pou pwochen jenerasyon Moun Filadèlfia yo.

Vil la pral envesti tou \$20M pou PAK FDR - plan an se premye kalite plan konsa nan Filadèlfia, ki entegre pwojeksyon chanjman klimatik ak rezistans klima pou vin tounen yon potomitan Iwazi, aktivite atistik, ekoloji, ak konsepsyon. Envestisman sa a gen ladan konstriksyon Pattison Plaza ak Pattison Athletic Complex.

LARI KI PWÒP, SAN DANJE EPI AKSESIB:

Bidjè FY23 la gen lajan I gwo envestisman nan lari ki pwòp, ki an sekirite ak aksesib.



RI YO

▲ ENVESTISMAN POU OPERASYON:

- Depatman Lari yo pral resevwa \$1.5 milyon nan nouvo finansman nan FY23 pou ajoute ekip espesyalize Vil la pou konstwi ramp ADA yo, kòm yon apwòch ki rantab pou satisfè obligasyon Vil la pou aksesibilite pou tout moun.
- Pwogram bale lari a pral elaji nan 8 nouvo katye pou yon total 14.
- Vil la ap envesti \$2 milyon pou mete an plas ekip anplis pou reponn kont depo fatra ilegal.
- Envestisman sa yo pral akonpaye ak yon envestisman \$7 milyon pou soutni inisyativ netwayaj koridò komèsyal Taking Care of Business la nan FY23 an.

▲ ENVESTISMAN KAPITAL:

- \$27M pou Resifasaj ak Rekonstriksyon Lari ak Ramp ADA yo nan FY23 ak \$173 pandan dire Pwogram Kapital la.
- Bidjè Envestisman FY23 an afekte \$2.1 milyon pou amelyorasyon kontwòl trafik, pou soutni inisyativ Zewo Vizyon (Vision Zero), pou rann lari vil la pi an sekirite pou tout itilizatè yo.

SIPÒ OPERASYONÈL POU IIJA:

Lwa federal sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act, IIJA) pral bay Vil la lajan pou envesti nan transpò, enfrastrikti, ak enèji pwòp.



▲ ENVESTISMAN POU OPERASYON:

Bidjè FY23 la bay \$20M nan sipò operasyonèl nan 12 depatman pou antretni ak modènize enfrastrikti yo pou soutni Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti yo (IIJA). Lajan sa yo pral ede asire ke Vil la gen kapasite pou aplike ak fè Mizannèv finansman ki soti nan Lwa a yon fason ki efikas.

▲ ENVESTISMAN KAPITAL:

Bidjè Envestisman FY23 an gen ladann \$60 milyon pou kontribusyon ekivalan lokal ki nesesè pou retire lajan federal nan IIJA.

Pou aprann plis sou Bidjè Fonksyònman ak bidjè envestisman Vil Filadèlfia an, tanpri vizite www.phila.gov/finance